



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE SETYÈM PWOPozISYON SOU DIKSOU ETA LETA  
2020 AN: AVANSE PWOTEKSYON NETRALITE ENTÈNÈT KI PI DJANM NAN  
ETAZINI**

***Gouvènè a pral entwodui lejislasyon pou anpeche blokaj, limitasyon ak  
prijorizasyon peye pou kontni sou entènèt***

***Lejislasyon an pral entèdi pratik ki rele "To Zewo" ki penalize konsomatè yo  
dèske yo aksede ak kontni oswa aplikasyon ke founisè entènèt yo pa pi pito***

***Konstwi sou dekrè egzekitif 2018 Gouvènè a ki oblije gouvènman eta a pou pa  
antre nan kontra avèk founisè sèvis entènèt yo amwenske yo respekte prensip  
netralite entènèt yo***

***Konstwi sou investisman nasyonal 500 milyon dola Gouvènè Cuomo nan Aksè  
ak Wo Debi atravè nouvo Pwogram Wo Debi NY la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke setyèm pwopozisyon konsènan ajanda Eta Leta 2020 li an - k ap fè avanse pwoteksyon netralite entènèt nan tout eta a ki pi djanm nan Etazini. Kòm yon pati nan pwopozisyon sa a, Gouvènè a pral entwodui lejislasyon pou anpeche blokaj, limitasyon ak priyorizasyon peye kontni sou entènèt - pratik ki sabote yon entènèt gratis epi louvri. Lejislasyon an pral entèdi tou pratik yo rele "To Zewo" a ki penalize konsomatè yo dèske yo aksede ak kontni oswa aplikasyon ke founisè entènèt yo pa pi pito. Lejislasyon an pral kodifye sou fòm lwa dekrè egzekitif 2018 Gouvènè Cuomo a ki oblije antite yo nan gouvènman eta a pou pa antre nan kontra avèk founisè sèvis entènèt yo amwenske yo respekte prensip netralite entènèt yo. Lè nou mete yo ansanm, pwoteksyon sa yo depase estanda netralite entènèt ke Komisyon Federal Kominikasyon (Federal Communications Commission, FCC) an te etabli nan ane 2015 ke administrasyon Trump la te anile nan ane 2017.

"Yon entènèt ki gratis ak louvri se youn nan gwo egalizè yo — ki pèmèt tout moun jwenn menm aksè ak enfòmasyon epi ede pwoteje libète diskou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan administrasyon federal la ap travay pou sabote resous sa a, nan New York n ap avanse pwopozisyon netralite entènèt ki pi djanm nan nasyon an pou gwo kòporasyon yo pa ka kontwòle ki enfòmasyon nou aksede oswa antrave konpetitè ki pi piti yo. Pwoteksyon sa yo pral ede garanti gen yon mache louvri pou lide ak kontni atravè platfòm yo epi prezève aksè san pwoblèm ak kontni sou entènèt piblik la vle ak bezwen."

Lejislasyon ki pwopoze a pral abilite Depatman Eta Sèvis Piblik la (Department of Public Service, DPS) pou kenbe founisè entènèt mobil ak fiks yo responsab pou pwoteksyon konsomatè nan nivo nasyonal sa yo epi garanti transparans nan endistri sa a. Pwojè lwa a pral mande founisè sèvis entènèt yo divilge pratik jesyon rezo yo bay piblik la. Founisè sèvis yo pral gen obligasyon tou pou sètifye chak ane respè yo ak règ netralite entènèt New York la. Depatman Sèvis Piblik la pral gen otorizasyon pou envestige ak sanksyone founisè ki vyole dispozisyon sa yo.

Konsomatè final sèvis sa yo pral gen otorizasyon pou kenbe konpayi yo responsab atravè sistèm jidisyè a tou, piske lejislasyon an ap otorize yon dwa aksyon prive kont nenpòt konpayi ki vyole dispozisyon netralite entènèt la.

Depi li te pran pouvwa nan ane 2011, Gouvènè Cuomo pa te sispann re-afime dwa piblik la pou yon entènèt gratis ak louvri. Nan ane 2015, Gouvènè Cuomo te etabli nouvo Pwogram Wo Debi NY la (New NY Broadband Program), yon pwogram nasyonal 500 milyon dola ki rekonèt wòl enpòtan entènèt nan inovasyon ak echanj lide yo. Kòm rezilta envestisman istorik piblik/prive 1 milya dola ke pwogram lan deklanche, New York ap dirije nasyon an nan deplwaman wo debi nan seksyon riral - ki abòde pwoblèm plis pase 2.4 milyon lokal nan zòn ki pa sèvi ak ki pa byen sèvi yo atravè eta a epi garanti ke plis pase 99 pousan Nouyòkè pral gen aksè ak wo debi pa kab.

Kòm repons imedya ak aksyon administrasyon Trump la pou anile netralite entènèt la, Gouvènè a te siyen yon dekrè egzekitif ki depi janvyè 2018 te mande ajans yo nan eta a pou sèlman fè kontra ak founisè sèvis entènèt yo ki byen respekte pratik netralite sou entènèt.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)